



RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.—
Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi
kirang: f 0,50.

Advertentie limrah: f 0,15 sagaris;
(apes: f 1,25).

Moendoet kapatjat langkoeng saking sa-
pisan, oetawi moendoet dados lengganan,
teping rembag roemijin kalijan admini-
stratie.

Hoofdredacteur:

A. DJAJASEPOETRA.
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.



ISINIPOPEN:

Padamelan bedrijf — Pondokan-
Mondok — Ing sapoetjaking pang-
goeng Economie — Kas doesoen —
Katoer para Prijantoon R.K. enz. —
Taman Siswa jasa pamoelangan —
Saking pakempalan — Ontjén sekar
gambir melati — Oerap-ari — Corre-
spondentie.

PRADJA RAHAJOE.

PADAMELAN BEDRIJF ?

Para maos temtoe boten kekilapan
menggah ingkang dipoenwastani
djaman malését poenika sampoen
radi loengsé mila sapoena kajang
gantos nama maleseg djer sampoen
sanget malésétiopen.

Éwasemanten manawi koela pan-
djenengan dangoe poenapa ing-
kang dipoenwastani djaman maleseg
poenika, koela kepeksa boten saged
ngatoeri definicie-nipoen, djer ing
rikoe wijar sanget maksoedipoen.
Menggah ing riki koela badé njan-
dak ngederalaken Kawontenan ingkang
moeroegaken damel deleg-delej-
kaom berah i.p. prakawis „vaste
aanstelling voor een onbepaalden
tijd.”

Menggah kersanipoen tetemoeng-
an poenika manawi koela boten
klintos kados inggih katetepan tetep
kangé sawatavis wekdal, liripon
oepami werkgever sampoen boten
nganggékaken, inggih ladjeng ké-
ning ka-ontslag.

Mangga para sadérèk koela atoeri
menggalih.

Poenapa poenika moeroegaken
damel manteping manahipoen teti-
jang berah? Ngéneti tetemoengan
nggingil manah temtoe ladjeng ma-
lah gondjing-miring, boten saged
marem, boten saged mantep sreg,
awit rinten oet. daloë sang berah
saged ka-ontslag. Mila ing djaman
samangké malah katah ingkang sa-
mi nindakken pandamelanipoen
kanti sakenjoh-kenjohipoen groesa-
goesoe, djer pangadjeng - adjeng
onderstand (pensioen) tangéh
lamoen sagedipoen kagajoe. (Inggih
wonten ingkang ladjeng saged tam-
pi onderstand oet. pensioen, ning
poenika namoeng kanton 5% nan,
oepami tjiang 100 ingkang saged
tampi inggih namoeng gangsalan).
Awit manawi wonten poenggawa
ingkang sampoen dienst lami, blan-
dja katah, ladjeng kepténan le-
patipoen ingkang ndjalari sagedipoen
ontslag, piridanipoen soepados ké-
ninga kagantos mawi kekijatan
énggal (jonge kracht), toer mirah
blandjanipoen.

Toch bezuinigen?

Rak inggih sampoen katah ta para
maos Kawontenan makaten poenika?

Menggah ingkang ngawontenaken
bezuinig makaten poenika rak ing-
gih namoeng ngéneti batinipoen ta!!!

La ingkang ngarah batii? Kedjawai
bangsa b e d r i j f kados boten won-
ten!

1e. mbezuinig poenggawa, sam-
poen njoeda uitgave.

2e. poenggawa sepoeh dipoen-
gantos poenggawa eném blandjan-
ipoen mirah.

3e. onderstand oet. pensioen
mèh boten kangé.

Tigang warni poenika poenapa
boten moeroegaken djempol batig-
saldo-nipoen bedrijf?

Pandjenengan galih para maos,
lan kaetogna penggalih pandje-
nangan. Mila sapoena ladjeng ka-
tah pandamelan - pandamelan ing-
kang kawalik dados bedrijf. Atoeran-
ipoen ketingalipoen mar emaken,
ning sadjatosipoen.....nggeringaken/
(tempat ingkang berah).

Poenapa sadaja pandamelan bén-
djing badé saged dados bedrijf, koela
namoeng badé nitèni kémawon, na-
nging oepami saged èstoe kelampahan
an poenapa boten namoeng ndeder

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

widji ingkang boten saé kémawon?
Tjobi para sadérèk pandjenengan
pektosi omonganipoen sadérèk pan-
djenengan
ing paredén F. Soenar.

PONDOKAN - MONDOK.

Gegandéngan kalijan oréanipoen
sedérèk Rr. Triati ing Sw. T. No.
36 dd. 5 September 1930 koela
badé mewahi amrih saja gamblang
kados-poendi rékanipoen soepados
sami déné èntèngipoen. Pantjén-
prekawis poenika angél sanget,
djalaran jén manah boten saged
tjotjog, inggih boten saged sreg,
djendjem, ajem, senadjan toenggil
panoetan pisan; saja toemrap ing-
kang bédá panoetanipoen. Saréhné
kcela sampoen ngalamali kalih-kalih-
ipoen (kempal sedérèk Katholieke
lan sedérèk ndjawi sami déné in
de kost) dados inggih saged ngao-
toeri wawan sanekedik - sekedik.
Kawewahan saged njela Kawontenan
ing kiwa tengen; wonten ing kita
oetawi wonten ing ndoesoen pisan
inggih sampoen nglampahi.

Kangé kita jén badé in de kost
kedah mawi mingak - mingoe roe-
mijin, saja wonten ing kalangan
sadjawining Katholieke. Sampoen
goemampil milih panggénan, kedah
takén-takén oetawi niti priksa poendi
ingkang pantes dipointitipi badan-
ipoen. Adakanipoen ingkang kedij-
bah mrenah - mrenahaken ingkang
dados sesepoeh ing rikoe, djala-
ran sampoen paham dateng ka-
wontenipoen: Jén boten mekaten
inggih sinten ingkang sampoen
dangoe wonten ngrikoe. Ingkang
wadjib mrenahaken sampoen temtoe
ingkang sepoeh, kita wadjib manoet
sapitedahipoen, awit sedaja - sedaja
senadjan bédá antjasipoen, inggih
sami ngreksa kawiloedjengan kita;
djalaran awon kita, pijambakipoen
inggih katoetoe. Nanging senadjan
mekatenita inggih kedah ngatosa-
atos, sampoen agé - agé ngesloepi
samangsa dèrèng pirsas Kawontenan-
ipoen. Jén sepisan lepat adakan
inggih angél leresipoen; jén sempoen
naté pindah pondokan adakan boten
kraosan, kerep pindah pondokan,
adamel awoning salira pijambak,
ngawontenaken penjana awon. Ke-
djawi jén pindahipoen wonten sebab
ingkang absah, oepami katilar pindah
dateng papan sanés, oetawi bawa
pijambak.

Kedjawi poenika inggih kedah
angéneti 1e. ingkang dipoenpon-
doki waoe gesangipoen ketjompréngan
poenapa boten, jén ketjompréngan
pandjenengan inggih badé
katoet, kamangka sampoen roemas
mbajar samoerwat; wekasan pen-
djenengan ladjeng boten kraos. 2e.
Ingkang dipoenpondoki gadah pe-
kareman ingkang mbebjani poenapa
boten; jén gadah, pendjenengan
gampil katoetipoen; peng - pengan-
jén boten katoet; tjiang gadah ka-
senengan tanpa madjat, goemampil
dateng arta, pendjenengan gadah,
dipoentemoeng, kados - poendi
wangsoelaniopoen? poenapa wentala
boten ngoeloengaken? Ngoeloeng-
aken inggih badé . . . ! boten
inggih . . . ! Harak kodjoer tenan
no! Pendjenengan inggih boten
kraos! 3e. Ratjakipoen ingkang
mondok poenika taksih sami lamban.
Lah poenika kedah AWAS!!! Sam-
poen mondok ing panggénanipoen
tjiang ingkang gadah anak djaler
oetawi èstri ingkang sampoen wantji
(diwasa), gadah randia oetawi doeda;
èngket lo sedérèk doek sanding geni
kok! sinten ta ingkang nginten jén
magneetipoen ladjeng kontak. Ang-
gén koela matoer mekaten poenika
koela sampoen nijipati pijambak,
boten teka matoer dora. Saking
pengoda ageng, penggalih peteng,
inggih gampil ndjomplang mak
gèntjeng . . . ! Adoeh teka me-
melas temen ta néhl. Nanging ke-
prije menéh wong djenian lagi
kena goda, dikapakaké! Poenapa
pendjenengan tetah? Ah nama boten
gadah welas poenika! Boten noe-
loeng malah ambalesekaken! 4e.

Sampoen mondok ing grianipoen
tjiang ingkang awatak boetarepan
(djaler oetawi èstri), poenika inggih
mbebjani dateng kita sedaja (djaka
oetawi prawan). 5e. Sampoen goe-
mampil nampéni roeba samangsa
sampoen kelampahan mondok. 6e.
Jén sampoen mondok dateng salah
setoenggiling tjiang sampoen remen
sandja, ngemoengna saperloenipoen
kémawon, mangé mindak kanjana-
jana ingkang boten - boten (kirang
nrimah tedanipoen, boten kraos,
ngraosi awon enz.) 7e. Amrih sami
sekétnipoen tjiang ingkang mondok
kedah roemaosa dados rajatipoen,
sampoen roemaosa doepèn sampoen
mbajar teda, mawi pétoeng - pétoe-
ngan, boten sekéjtja dateng manah.
Éwadéné inggih meksa wonten ing-
kang mekaten poenika. Taksih katah
sanget ingkang kedah dipoenèngeti,
pendjenengan saged madosi pijam-
bak poendi ingkang prajogi katin-
dakken.

Sapoena babagan arta! Kita
para Katholieke kedah prewira, jén
sampoen mbajar kedah boten ngoe-
tjap nraosi tedanipoen awon, ki-
rang étja, petileman enz.
Kita kedah saged nginten - inten
pinten moerwatanipoen anggén kita
mbajar teda ing sewoelanipoen.
Kangggé ing ndoesoen mbajar f 15
sampoen limrah ing atasipoen go-
longan N.S. Jén sanèsipoen inggih
mawi tetimbangan bajaripoen, pin-
ten moerwatiipoen, soepados boten
kesekediken oetawi kawraten. Jén
para N.S. mbajar f 15 wonten
ndoesoen boten poeroen, mangka
kempal sami prijantoon, nama . . .
Éwadéné koela inggih sampoen
naté mireng (soemerep) wonten
ingkang njoeda doemoegi f 10 —
f 12,5. malah nganggé pengantjam:
“Jén boten poeroen koela badé
pindah saking ngriki.” Hi-hi——
hik!! Koewi rak wataké botjat tjilik!
mbajar semono roemasa kakéhan.
Awratipoen dados sesepoeh, boten
téga ngetjoelaken momonganipoen
(andahanipoen), awrat-awrat inggih
dipoenlampahi. La, sampoen teka
poeroenipoen waoe margi sampoen
katah, nanging margi ndjagi raosan
awon, sampoen ngantos wonten
penjana boten saged roekoën; lan
malih ngawoni sawatas, djalaran
pijambakipoen (sesepoeh, mantri
goerje), koewadjbán ngreksa ka-
wioloedjenginan kantja (pembantoe),
inggih jén ontjatiopen saking ngrik-
oek badé mangjih katentreman
(sekéjtja), bilih nandang kasangsaran,
risak gesangipoen, poen sesepoeh
ingkang kesinoengan lepat. Namoeng
adakanipoen moeda poenika jén
kempal lan prijantoon sepoeh tem-
toe boten seneng, djalaran sedaja
kekadjenganiopen badé dipoenpan-
langi (mesti kémawon kekadjenginan
ingkang nalisip). Moeda ingkang
saweg mempêng - mempêngipoen
sedaja kekadjenginan kedah kelam-
pahan, toer dèrèng temtoe sedaja
kekadjenganiopen waoe leres; inggih
saged njoemerepi namoeng
tjiang ingkang sampoen lebda dateng
kawontenan ndonja (inggih poenika
tjiang sepoeh), poen moeda ngoem-
bar hawa nepsoe, gék toemoedjoe
dateng kanistian (kasangsaran). Ti-
jang sepoeh (loerah) boten wentala
soemerep andahanipoen kados me-
katen, lan inggih gadah wadjib.
Sareng moeda waoe dipoenmoet-
aken senadjan sampoen dipoenarah-
arah, éwadéné manah inggih moen-
tab, bawanan moeda dèrèng koe-
wawi ngampet hawa nepsoe, ngé-
loepet, ngono ora bener, manah
boten kraos, pados pondokan sanés,
ngempali sami moeda; mangka moe-
da waoe (ingkang dipoenkempali)
gesangipoen . . . , tjlakai tenan,
sida katoet ketjemploeng ndjoerang
tenan kowé! JAIKOE DJALOEK-
AMOE GOES!!

Kangggé huisbaasipoen (tjiang ing-
kang dipoenpondoki) wah poenika
roemas dipoenokoem saestoe. Djalaran
poenapa - poenapa boten saged
merdika, neda, wédangan, tilem
poenapa kedah ngemong dateng
tjiang ingkang mondok. Kang-

gé koela pijambak sedérèk, boten
ketjonggah saoepami dipointoem-
pangi tjiang. Kados-poendi ta tjiang
koela mesti dipoenokoem, mangka
gék ngrikoe (ingkang mondok) boten
ngertos ing wadjibipoen. Badan
koela pijambak prekawis neda boten
koela temtokaken, jén weteng loewé
inggih neda; mantoek saking njam-
boet damel dèrèng temtoe teroes
neda, terkadang ndadak maos oe-
tawi tileman roemijin; jén wonten
ingkang noempang koela kepeksa
boten saged nindakaken, kedah
ngemong si penoempang. Wantji
sonten boten mesti weteng loewé,
dados inggih dèrèng temtoe neda;
nanging saréhné dipointoempangi
inggih kedah ngemong si penoempang.
Wantji sotong boten mesti weteng
loewé, dèrèng temtoe neda; nanging
saréhné dipointoempangi tjiang
(réntjangipoen) enz. Mila saking
atoer pamrajogi koela tinimbang in
de kost, angoor tékad-tékadanan grija
pijambak, begdjan - begdjan. Sing
sapa NÉKAD bakal MENANG!!!
Lah poenika lo para sadérèk, lang-
koeng-langkoeng moeda (pria) Katoelik
moegi kagatosna. Sampoen
ngantos ketoengkoel dados damel-
ipoen lijan. Soemanga koela pe-
poedi sageda mekaten sedaja.
Sampoen ta mesti senengipoen.
Koela sampoen nglampahi kok!!!!
Wasana jén wonten lepat koela
moegi paringa pangaksama.

Déné bab réntjang saénipoen
mendet pamilinipoen pijambak ngiras
mitoeloeng; toer mestu senengipoen,
roemas dipointoempangi, watak-
ipoen jén taksih sedérèk poenika-
ratjak gadah pambekan doemoewé,
bédá lan tjiang sanés. Déné bab
begrooting, bokmanawi boten min-
dak oetawi mindaka inggih namoeng
sakedik tinimbang mondok. Nanging
batinipoen matoempa-toempa; mer-
dika, ajem djendjem, ngertos tjara-
nipoen gesang, mitoeloengi tjiang
(réntjangipoen) enz. Mila saking
atoer pamrajogi koela tinimbang in
de kost, angoor tékad-tékadanan grija
pijambak, begdjan - begdjan. Sing
sapa NÉKAD bakal MENANG!!!

Sedérèk pendjenengan
TJIPTAMAJA.

ECONOMIE.

ING SAPOETJAKING
PANGGOENG ECONOMIE.

(Sambetipoen wawasan bab pang-
gaotan lan pandamelan).

Ing Sw. Tm. no. 43 koela anggelar
bab ébah - ébahing donja pang-
gesangan ing sapoena ingkang mar-
gi kekirangan pandamelan.

Ing beboeka koela sampoen pre-
tela bilih kaoem nasionalis sampoen
boten kesoepèn bab poenika, na-
moeng kita bebadan Katoelik Na-
sional kedah ndjagi soepados sam-
poen ngantos kantoon.

Kadjawi fonds nasional, import
lan exportzaak nasional kados ing-
kang koela atoeraken, panggaotan
sanés boten kirang ingkang medal
ing tengah - tengah kita ing djaman
modern poenika.

Koela sapoena ngadep „Panda-
wa,” satoenggiling serat padintenan
ing Djawi Kilèn, ingkang semoeni-
poen badé ngojak Bintang Timoer.

Ing rikoe koela sampoen soemerep
jén ada panggaotan ing tengah-te-
ngah kita kaoem Indonesia sampoen
noetoeti ada bab ngojak kesagedan.
Kadosdéné madégipoen Nera, ada
Cursus Zelfstudie ingkang dipoen-
pimpin Dr. Samsi, Firma Setia, ing-
kang sampoen gadah toko 19, ver-
taalbureau Goetama ing Weltevre-
den lss. ingkang sadaja nélakaken
bilih kaoem Indonesia boten tilem
ing babagan poenika.

Mila sampoen saleresipoen jén ing
madyaning bebadan katoelik Indo-
nesia kedah pinanggih sedajaning
winih toemrap sadaja actie: verze-
kering, dagang, bank, vertaalbureau,
nieuwsgagtschap lss. soepados jén
actie Indonesia oemoen mateng lan
perek, kita inggih sampoen sijaga.

Mila, koela satengah goemoen,
soemerep jén ing Solo lan Dk. sam-
poen wonten C. C. (winih kanggé²
nieuwsgagtschap Katoelik), wonten
sogokan bab ada lan tradjang ka-
toelik-juornalisme (karembag ing sa-

KING PAKEMPALAN.

tan K. W. Blitar 12 - 10 - '30.

amboeka.

Pangarsa boten saged rawoeh, dipoenawati panitra. Rama Parampara oegi boten saged rawoeh. Warga ingkang rawoeh 9, tamoe tiga.

Maos notulen. Mej. G. Moertinen miterang dateng bestuur, bab oesoelipoen Heer Sindoeperwata, soepados ngwontenaken parepat ingkang ngrembag bab roewet-rentenging para warganipoen: Panitra paring wangsoelan, bilih dèréng katindakan, awit taksih ribet. Heer Sindoeperwata nerangkan saé lan perloening pakempalan kasebut, malah dipoenembag ngantos dedreg. Poetoensanipoen: Itjaling roewet-renteng waoe, sarana wongko-winengkoe.

Maos statut Pangroekti Laja. Statuten kawaos lan kaabsahaken. H.R. karembag kalian lamplang. Bestuur oesoel: arta daerah pah kapend 5% kanggé kas P.L. di oedjoeki.

Koeran. Badé toembas pasitén kanggé koebearan. Anggènipoen ngoepados arta sarana njotwoen dana sakadaripoen

banda - nasional, djer fonds poenika boten sanès boten lija nama teges anda oetawi tandon doewit.

Keleresan koela tangi tlem waoe mak tjej njepeng boekoe kintoenan saking Oom Sam* ingkang nerangan-ken akalipoen nglempakken arta.

Boekoe waoe tjarijos makaten: "Oepami prijantoon, pandjenengan badé jasa grija, sampoen jasa pandemén rampoeng, ladjeng kantoen ngedegi témbok lan sapitoeroeti-poen. Kantoen - kantoen ing wantji éndjing woengoe saré pandemén waoe modot, toekel témbok, kori, tjendéla lan pajonipoen ngantos rampoeng . . . ! poenapa pandjenengan boten soeka mawarta soeta? lan jén kersa, pandjenengan saged damel pandemén ingkang éllok kados atoer koela poenika waoe. Boten sarana moendoet lotré oetawi moendoet radja pén, nging sarana njélengi mawi atoeran ingkang mesti. Oepami pendjenengan kagoengan kapitaal f 10.000 ladjeng dipointjéleni mawi anakan 6½% nak-kemanak, 20 taoen malih arta waoe sampoen dodos f 35.236.01!! Ta, poenapa boten nama pandemén toekel pijambak? Oepami, nan-dalem blandja f 350,- saben woelan kersa ngoerbanaken f 83.33. Bakda 20 taoen, mèh pënsioen, pandjenengan badé katengga ing banda agengipoen f 42.254.75!! kawandasa kalih éwoell!"

Boekoe waoe gadahanipoen M. Forman Company ing Chicago,**) ingkang sagah njimpen arta saking poendi kémawon lan mawi anakan apes 6% setaoen.

Manoet serat - serat saking Company waoe, mawi foto warni-warni, katjeta anggènipoen soeka sareman arta pinten - pinten waoe margi sara-na jasa grija ageng - ageng pinten-pinten, 26 lotèng oetawi langkoeng, ladjeng sami kaséwakaken. Manoet babadipoen, ingkang ada - ada Company waoe asli saking Schotland, dateng ing U. S. A. dados wewa-kiling spaarbank ing Schotland. Nanging dangoe - dangoe bawa pijambak, ngantos sapoena oemoem kasoemerepan ing sa-Amérika. Déné lenggananipoen ingkang katah pijambak saking U. S. A., Schotland lan nagari Walandi.

Kados bab poenika tjekap samanten roemijin, sanès dinten kaladjaken ngiras pantes naliti Roeslan kados-poendi economienipoen.

Saking sakedik selot - selotipoen para maos priksa ringkesan wawasan economie ing sadonja dalah theorie-theorieneipoen pisau.

Kantja lami

ANDAJA.

KAS DOSEOEN.

Limrahipoeng ingkang dipoenwas-tani kas doesoen poenika, jatra gadahanipoen doesoen. Mèh sadaja doesoen ing tanah Djawi sami gadah kas; déné ingkang njimpenaken arta kas waoe nagari.

Waoe koela sampoen matoer bilih kas doesoen makaten jatra gadahanipoen doesoen; mila kénéngipoi-kaanggé, inggih namoeng jén kanggé kaperloeanning doesoen; kadosta kanggé njækaken margin-margi doesoen, kretek, kanggé toembas médja - koersi, lemantoen, kasookakaken wonten ing kloerahan, kanggé kapreloeanning serat-sinerat, kanggé damel balé doesoen Isp., ingkang mila dodos kabetahaning doesoen. Déné katah kediking jatra kas doesoen satoenggal-lan satoeng-galipoen boten sami, wonten ingkang f 1000, f 2000, malah wonten doesoen ingkang anggadahi kas langkoeng saking f 5000 (gangsal éwoe roepijah).

Jatra samanten waoe boten nami-sakedik, katimbang katoembasaken médja koersi, kadamel tjantas-tjan-tasan ijasu balé doesoen lan sapa-

dateng para warga lan tjiang Katolik sadaja Blitar, sarana kaeobengan lijt.

Pambika king Gréja Lempong (Medari). Neda oeroenan, dipoenroe-djoeki oeroen f 5 (gangsal roepijah) saking kas K. W.

Pitakan. Padoeka Rama Sebastiaense moendoet, soepados dipoenwontenaken parepat ingkang ngrembag bab roewet-rentenging para warganipoen: Panitra paring wangsoelan, bilih dèréng katindakan, awit taksih ribet. Heer Sindoeperwata nerangkan saé lan perloening pakempalan kasebut, malah dipoenembag ngantos dedreg. Poetoensanipoen: Itjaling roewet-renteng waoe, sarana wongko-winengkoe.

Maos statut Pangroekti Laja. Statuten kawaos lan kaabsahaken. H.R. karembag kalian lamplang. Bestuur oesoel: arta daerah pah kapend 5% kanggé kas P. L. di oedjoeki.

Koeran. Badé toembas pasitén

kanggé koebearan. Anggènipoen ngoepados arta sarana njotwoen dana sakadaripoen

noenggulanipoen kados ingkang sampoen kaseboet ing ngginggil, poenika kados langkoeng prajogi kanggé njækaken ekonominipoen tjiang doesenipoen pijambak-pijambak (kalampahaken satjaraning bang doesoen).

Para maos temtoenipoen sampoen damang bilih panggesanganipoen para tjiang doesenipoen poenika srana tetanén, lan oegi priksa bilih gesangipoen kantja tani sapérangan ageng sami katjingkrangan, déné sebabipoen inggih warni - warni, kadosa: saking sakedikipoen gadahanipoen siti, saking kiranging pangatos-atos ingkang ladjeng ndjali katjetjep ing lintah darat sapoenggulanipoen.

Tjiang tani poenika ingkang dodos njawaning panggesanganipoen inggih siti (sabin oetawi tegilipoen). Dados samangsa sitinipoen oetawi pamedaling sitinipoen katjepeng tjiang sanès, gesangipoen inggih ladjeng nama gesang - gesangan, te-gesipoen: gesang kanti katjingkrangan, taksih anggènipoen kangèlan sampoen boten kedoeman, djalaran siti taksih gadahanipoen pijambak, pamedal sampoen boten nggadahi hak.

Kawoeningana para maos, kawon-tenanipoen tjiang tani ingkang sami doemawah ing katjingkrangan poenika sapérangan ageng sami nggan-tosaken sabinipoen dateng tjiang soegih ing kanan keringipoen, déné pradjandjianipoen roepi - roepi, oepami: A gadah sabin ½ baoe dipoen-samboetakan jatra dateng B. f 100, — A sagah njoeckani sepalih pamedaling sabinipoen saben panén. Sanadjan sampoen 50 taoen pisan manawi jatranipoen B f 100, — dèréng wangsoel inggih taksih lestantoan saben A parén, B tampi bagéan sepalihih pamedal. Ingkang makaten waoe limrahipoeng boten saged neboes. Anggènipoen A ngantos gadah samboetan margi keki-rangan, jén pokoking pamedal kantu-toen sepalih, mangka taksih kedjabah ngragadi anggènipoen ngarap siti; kekiranganipoen tamtoe saja ageng, mila saja mokal sagedipoen neboes; adakanipoen malah me-wahi samboetanipoen, ngantos kelampaahan namoeng tampi ¼ ning pamedal, malah saged kelampaahan kamplo (boten nampi pamedalipoen babar pisan); mangka samangsa dodos lebaran inggih kepeksa toe-mandang ing damel nggarap sabin, sareng sampoen panén kantoen ngemoet dridi.

Wonten malih ingkang makaten A njamboet dateng B sagah njoeckani ½ pamedaling sabinipoen saben panén. Margi kekirangan A njamboet malih dateng C oegi sagah njoeckani sepalihih pamedalipoen sabin saben panén. Dados poen A saben pantoenipoen sepoeh namoeng kepadoeaman doendoem, ½ dateng B, ½ - hipoin malih dateng C. Wonten malih pradjandjian makaten: sada-nongoenipoen A njamboet dateng B, pamedaling sabinipoen A lestantoan B ingkang anggadahi sepalih oet. sadaja, nging jén boten saged neboes salebetipoen samanten taoen sabin tetep gadahanipoen B. Makaten sapitoeroeti-poen kekatihan sanget oepami koela atoerna sadaja bab Kawontenanipoen pradjandjian samboet kapi samboet ingkang koela soemerepan wonten ing padoesoenan. Malah kerep kémawon koela mranggoeli tjiang toembas sabin oetawi pakawisan sarana kabetahaning ing sadinten-dintenipoen oepami; srana oewos saking sabatok, 2 tjangkir, ½ beroek, saparés mantji, enz. Sa-reng sampoen djangkep sataoen oetawi kalis tengah taoen dipoen-petang sampoen nglempak f . . . — wasana ladjeng dateng ngasisténan (kantor A.W.) oetawi kawedanan kanti loerah lan tjarik doesoen preloe-nekseni jén sabin of pakawisan-ipoen pak tinoeloeng sampoen dodos darbékipoen Mas Penoe-loeng waoe. Hara poenapa boten memelas makaten poenika? poenapa Mas peneloeng kaseboet ngginggil

sabangs poenings (boten) di-golakken nangging . . .

Sapoenika mangsoeli b atra kas doesoen, poenapa bote. Saja prajogi lan oetami, manawi kanggé ngingkiti lintah darat mbaka sekedik (mitoeloengi tjiang mlarat). Déné tjaranipoen makaten: É poenika namoeng oeppami lo!

Ing saréhné pawitaning panggesangan (sitinipoen) kantja tani ingkang mlarat² poenika ratjak sami doemawah ing tanganipoen tjiang ingkang sami katjekapan. Ingkang taksih katjepeng ing kantja mlarat namoeng kantoen doran, patjeg tambah boentoet garoe lan garan arit alias kangèlanipoen, djalaran pamedal sampoen dodos darbékipoen tangga tjekap ingkang sampoen mitoeloengi roemijin. Lha ingkang makaten poenika jatra kas doesoen kanggé neboesaken sabinipoen kantja tani ingkang pamedalipoen kateda orèt (lintah darat); dipoenwi-witi saking gantosan alit pijambak; preloenipoen:

Sepisan: jatra saged njekapi, awit oegi wonten gantosan siti ingkang namoeng f 10, f 20, f 30. enz.

Kaping kalihiopoeng: ingkang gantosan sekedik poenika limrah-ipoen, inggih gadahanipoen tjiang mlarat, dodos ingkang preloe dipointjeloengi roemijin.

Déné manawi wonten gantosan ingkang sami inggih dipoen-sareng anggènipoen neboesaken, samanten waoe manawi jatra njekapi, déné manawi boten njekapi inggih dipoen-ndoendri oetawi dipoen-pilih poendi ingkang mila langkoeng perloe dipoen-roemijinaken. Makaten salajengipoen, dangoe - dangoe mbok-manawi saged neboesaken sabinipoen tjiang-tjiang ing doesenipoen pijambak, lan mbokmanawi saged kelampaahan dodos lan leboering weeker itjaling orèt-orèt waoe.

VAN LITH-STICHTING.

J E J A S A N
énggal poenika
sagedipoen madjeng
goemantoeng dateng
pandjenengan sadaja.

Penningmeester V. L. S.
p/a 2e. Convict
MOENTILAN N. I. S.

Éé lha prakewis wangsoeling arta kas kasoe-pén, kodjoer ané, mangké jatra kas doesoen telas, ladjeng dodos mlarat, boten saged mitoeloengi malih.

Sapoenika tjaraning mangsoelen makaten:

Oepami kas doesoen neboesaken sabinipoen A f 100, sabin waoe 1 taoen pamedalipoen f 60,— oetawi f 30,— (samangsa). A saben mangsa kedah mbajar dateng kas doesoen f 10 saben panén oetawi f 20 saben taoen. Sasampoenipoen 6 oet. 7 taoen sah, dodos kas doesoen gadah bebatèn sakedik; Mas A ingkang saoepami sabinipoen lestantoan wonten nggantosan namoeng débaté tampi ½ ing pamedal, toer sanadjan 100 taoen pisan jén dèréng saged neboes, sabin boten mantoek. Jén dipointjeloengi kas doesoen kados ing ngginggil, sasampoenipoen 7 taoen saking dipointjeloengi kas doesoen, sabin dodos darbékipoen A pijambak teer tamping pamedal ingkang soewaoe namoeng ½ sadoenipoen dodos 2/3. Sasampoenipoen 7 taoen tampi 100%-ning pamedal.

Kedjawé poenika jatra kas doesoen oegi katoembasaken piring tjangkir enz. (kabetañanipoen tjiang gadah damel). Samangsa ing doesenipoen wonten tjiang kasripahan, betah nganggé pirantos waoe kanti gratis (tanpa prabéja), namoeng jén wonten ingkang risak kedah nglin-toni (dangoe - dangoenipoen salebetipoen saminggoe) déné manawi ingkang betah nganggé waoe tjiang gadah damel mantoek, tetakan enz. (tjiang seneng - seneng) kedah njéwa ½ hing paséwan limrah. Jén wonten ingkang risak pranatan idem ngginggil. Jén kaséwa tjiang sanès doesoen sewan limrah (tanpa medak), jén tjiang kasripahan, mangka tjiang sanès doesoen, badé nganggé pirantos kedah njéwa ½ sewan limrah.

Sokoer jén saged ngiras nandjakan verbruuk - coöperatie; poenika saja oetami.

Déné toemindakipoen sadaja waoe

kedah dipoenawat - awati A.W. oetawi Wedana, tjekakipoen kedah dipoenawat - awati nagari roemijin. Poenapa para A. W. oetawi Wedana sami boten karsa bijantoe oe-tawi ngawat - awati toemindakipoen? Temtoe kresa, djer para prijantoon kaseboet c. s. poenika oegi dodos panoentoening bangsa ingkang moerih karahardjaning negari, ketjekapaning kaeom krama, kadijn keringinan bangsa lan koentjaraning tanah woetah rah kita. Dados boten namoeng pangajomaning panarik paos kémawon.

Éé samanten poenika manawi pamanggih koela ing ngginggil mila maédañi ageng dateng para kawoela ingkang katah - katah. Déné manawi doesoen sakinten sampoen toemin-dak pidjambak inggih dipointjelo-aken. (Bok tjobi sampéjan voorstel poenika wonten ngadjenganipoen para prijantoon ing panggènan sam-péjan. Red.)

Tjiang doesoen H. TJITRA.

ECONOMIE.

KATOER PARA PRIJANTOEN JOGJAKARTA: KITA LAN SA-NES - SANESIPOEN.

Para sad. koela R. K. ing Jogja-karta sampoen dangoe koela kepéngin matoer wonten ngarsa pandjenengen sedaja, nangging marginalan warni - warni lan adjrij bokmanawi badé ingésemán, djalaran ing atasipoen namoeng sakoela sepinten ta kasagedan koela? Teka tjoeman-taka atoer pamrajogi lan soemagah-sagah nandangi atoer waoe, sana-djan saleresipoen tjoto. (Jah ja tjoto - tjoto angger toemindak, timbang djempol ning meneng).

Manoet ébahing djaman, sapoenika poenika djaman madjeng ing sedajanipoen, boten sah koela oedar sampoen priksa sedaja. Sad. R. K. oegi boten kantoen. Kempal - kempalan amrok, sekolah - sekolah mblabar kados djamoer dipa, namoeng setoenggal ingkang radi se-sakiten, oeger radi mrintis ladjeng kaparag ama, sampoen wiwit taoen 1923 saéngga sapriki sesakiting cooperatie ing Jogja tansah week tanpa dodos, manawi boten week inggih ambjar, dodos meksa dèréng naté saged dodos koetoek, ageng ipoen dodos sawoeng of babon. Naté dodos koetoek ning ladjeng sinamber woeloeng. Lah tamtoe dodos gègèr - gègèran; sigeg.

Koela naté maos ing Swara Oemoe bilih ing Soerabaja cooperatie poenika wah sampoen lé nrítik kados mlindjo saben k/p saben gang saben doesoen wonten toko cooperatie. Semarang oegi idem, lo kita ageng - ageng kok malah saged toemindak. Jogja kados - poendi? Mlem-pem poenapa boten saged toemindak? É, kok lé aeng temen ja. A. Boegel kok nganti mindoe, kana-kang bisa kok kéné gak bisa, ki pié ta? Para prijantoon pamanggih koela oeger dipointantsan inggih saged. Nangging kedah dipoenkan-téni kasetyan, liripoen sing nindaké ja setya, lengganan oegi setya, te-gesipoen mestékan toembas dateng cooperatiipoen ing sadaja samoekawis kedah kresa, sanadjan ragi awis sekedik. Tjobi koela tja-osi dongéng bab cooperatie Mata-ran ngedali wonten ing sekatenan nembe poenika bikak restoran; be-kakas sedaja njamboet lid ingkang gadah lan njéwa, koki garwa lid ingkang sami saged, djongos lid panganggé kedah Tjara Indonesia. (pantalon koeploekan) dipoenawisi keras boten kenging main mata! regning dahaning ngoengak restaurant sanès. Daharan kedjawi ratengan sedaja Djoeal commisie dodos boten kilak mawi arta roemijin, inoeman oegi mekatan bab bebatèn koela boten mireng, namoeng bakda sekaten, cooperatie waoe saged nambahi damel wasscherij toko lan kleermakerij toewin combinatie barbier enz. poenika inggih dipointantsan kasetyan, kabariipoen poenika mawi aandeel à f 10.— sedaja ingkang toembas aandeel sami dodos propaganda dateng sinten kémawon manawi mriskan sekaten sampoen kesoepen Restaurant Mataram. Lo sad. tjonto, langkah kita sageda ndjadjarai cooperatie waoe, sampoen kok trimah kénénd kémawen. Soemangga dipointandangi saéstoé.

Pangadjak koela dateng para prijantoon Jogja kita, poenapa sami kersa sami moendoet betah dateng golonganipoen pijambak? Poenika manawi anggén koela damel toko saged madeg, toko waoe kedah dipointantsan saéstoé gagasan koela kedah damel aandeel à f 10.— en à f 5.— manawi boten wonten ingkang kersa dodos koerban, ingbabagan poenika A. Boegel sagah pados. Ing Canisius Drukkerij katal ingkang sami lebda ing bab poenika, prajoginipoen sad. djem-pol Can. Drukkerij koela atoeri

rembagan kalijan koela soepados rantjag énggal toemindak boten kok namoeng kabar - kékér